

#### SS.7.C.3.4

Idantifye relasyon ak divizyon nan pouvwa yo ant gouvènman federal la ak eta yo.

---

**SS.7. 5rt6frC.3.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4:** Elèv yo ap analize pwoblèm yo ki gen rapò ak Dizyèm Amanman nan Konstitisyon Etazini an.

**Dizyèm Amanman** nan Konstitisyon an te ajoute kòm dènye Amanman nan **Deklarasyon Dwa yo**. Dizyèm Amanman an di: "pouvwa yo ki pa delege pou Etazini nan Konstitisyon an, ni entèdi nan eta yo, yo rezève yo respektivman pou eta yo, oswa bay pèp la".

Paske ekriven Konstitisyon yo te konsène pou bay twòp pouvwa a gouvènman nasyonal la, yo te deside enimerè lis pouvwa espesifik pou Kongrè a, pouvwa sa yo rele **pouvwa enimerè** oswa **delege**. Lè yo te ajoute **klòz ki nesèsè ak ki bon** nan Konstitisyon an, li telman laj ke li te pèmèt Kongrè a gen anpil pouvwa ki pat nan lis la, men yo te "nesèsè e yo te bon" pou Kongrè a sèvi ak pouvwa enimerè/delege li yo.

Dizyèm Amanman an pa enimerè nenpòt pouvwa espesifik. Olye de sa, li lajman di ke tout pouvwa ke yo pa bay gouvènman nasyonal la, yo rezève pou eta yo ak pèp la. Sa a kite siyifikasyon pou **pouvwa rezève yo** ouvè a entèpretasyon eta yo.

Li enpòtan pou kenbe nan tèt ou ke menm si Dizyèm Amanman an rezève pouvwa pou eta yo, pa gen okenn eta ki ka pèmèt yo fè lwa oswa pran aksyon ki vyole Konstitisyon an. Nan Konstitisyon an, sa a rele **Klòz Sipremasi**. Sa vle di ke Konstitisyon an se "Lwa Siprèm nan peyi a."

**Deklarasyon Dwa** - dis premye amanman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

**Dizyèm Amanman an** – se dènye Amanman nan Deklarasyon Dwa yo, li deklare: "pouvwa yo ki pa delege pou Etazini nan Konstitisyon an, ni entèdi nan eta yo, yo rezève yo respektivman pou eta yo, oswa bay pèp la".

**klòz ki nesèsè ak apwopriye** - pouvwa Kongrè a pou fè lwa, yo wè jan sa nesèsè ak bon pote soti nan pouvwa

**Klòz Sipremasi**- klòz ki deklare ke Konstitisyon Etazini an se lwa siprèm nan peyi a, e ke lwa nasyonal yo sipwèm sou lwa eta yo, ke yo jwenn nan Atik VI (sis)

**pouvwa enimerè oswa delege** - Pouvwa yo ki espesyalman yo te rele ak asiyen nan gouvènman federal la oswa entèdi pou eta yo egzèsè yo anba Konstitisyon Etazini an, yo konnen yo tou kòm pouvwa delege

**pouvwa rezève** - pouvwa ke yo pa akòde a gouvènman federal la, ki apatni a (yo rezève a) eta yo ak pèp la; gade Dizyèm Amanman an